



# Lekòl Rechèch Edikatif Palm Pointe @ Tradition

10680 Academic Way, Port Saint Lucie, FL 34987 (772) 345-3245  
*Yon Patenarya Vizyonè ant Florida Atlantic University ak Lekòl Piblik Saint Lucie*

18 Out 2021

Chè Fanmi Rocket yo,

Kòm yon lekòl Tit I, Lekòl Rechèch Edikatif Palm Pointe @ Tradition kreye ak distribye yon Kontra Paran-Lekòl chak ane. Konsèy Enfòmasyon Lekòl la, yon gwoup ki fèt de pèsònèl, paran, ak manm kominote a, revize ak modifye kontra a pou dekri kòman paran yo, tout pèsònèl lekòl la nèt, ak elèv yo pral pataje responsabiltè a pou reyisit akademik elèv ki amelyore. Tanpri li tout kontra Palm Pointe 2021-2022 an nèt epi repòn yon sondaj Fòmilè brèf (sèvi ak kòd nou te ba w oswa lyen pwofesè pitit ou te voye ba w) pou w rekonèt ke w te resewva li avan mèkredi 1e septanm 2021.

Lekòl Rechèch Edikatif Palm Pointe @ Tradition pwomèt pou nou:

1. Founi kourikoulòm ak ansèyman de bon kalite nan yon anviwònman aprantisaj ki sipòtif ak efikas ki pèmèt timoun k ap patisipe yo atenn estanda Eta a pou reyisit akademik elèv yo konsa:
  - Asire pwofesè yo angaje nan planifikasyon kolaboratif epi aplike ansèyman ki aliye ak pwofondè ak rijidite Estanda Florid/Estanda B.E.S.T. yo.
  - Bay pwofesè yo okazyon souvan pou yo analize done yo pou enfòmè ansèyman.
  - Bay pèsònèl ansèyman yo okazyon pou yo angaje nan devlopman pwofesyonèl pou ankouraje pratik ansèyman ak aprantisaj ki efikas.
  - Kreye yon anviwònman pozitif ak sipòtif ki fezab pou aprantisaj.
2. Fè konferans paran-pwofesè epi pandan yo nou pral diskite entansyon kontra sa a jan li gen rapò ak reyisit timoun endividyèl la.
  - Lekòl la pral fasilite konferans paran-pwofesè nan lè ki fleksib (avan, pandan, oswa apre lekòl) nan yon fòm ki reflekte direktiv pi aktyèl sou sante ak sekirite sou demann paran an, pwofesè a, oswa lòt aksyonè ki enplike pou diskite pwogrè akademik endividyèl ak/oswa enkyetid ki gen rapò ak sa.
3. Bay paran yo rapò sou pwogrè pitit yo souvan. Spesifikman, lekòl la pral bay rapò yo konsa:
  - Rapò sou pwogrè yo ap disponib, minimòm, chak twa semèn.
  - Paran yo kapab gade sou Skyward pou yo kontwòle mak elèv yo ant rapò sou pwogrè yo.
  - Pwofesè yo pral notifiye paran yo depi yon elèv an danje echwe, epi lekòl la pral voye yon rapò defisyan lakay yo.
  - Nou pral fè lòt rapò sou pwogrè disponib sou demann paran an.
4. Bay paran yo aksè rezonab a pèsònèl nou. Spesifikman, pèsònèl nou ap disponib pou konsiltasyon avèk paran yo konsa:
  - Paran yo kapab mande yon konferans paran-pwofesè pou diskite pwogrè ak enkyetid akademik ak/oswa konpòtmantal nan yon lè ki pratik pou tout pati konsène yo.
  - Paran yo kapab kominike avèk pèsònèl lekòl la pa telefòn oswa imèl epi atann yon repons avan 24 èdtan ouvab.
5. Bay paran yo okazyon pou yo patisipe nan fonksyon sal klas/nivo klas pitit yo, epi fè volontè nan lekòl la yon fwa direktiv sou sante ak sekirite yo pèmèt sa.\*
  - Nou envite paran ak fanmi yo patisipe nan fonksyon lekòl la ak aktivite sal klas ki aliye spesifikman ak Plan pou Angajman Paran ak Fanmi lekòl yo epi nou pral ba yo avi pou fonksyon sa yo.
  - \*Fòk tout volontè SLPS potansyèl yo soumèt yon demann atravè Lekòl Piblik St. Lucie epi resewva otorizasyon pou yo travay otou elèv yo, menm chapewòn pou vwayaj sou teren yo.
  - \*Lekòl la pral kontakte volontè ki apwouve yo pou okazyon pou yo patisipe nan fonksyon lekòl ak/oswa aktivite nivo klas yo (paran yo pa kapab sèvi kòm yon volontè ofisyèl ansanm sal klas pitit yo a).



# Lekòl Rechèch Edikatif Palm Pointe @Tradition

10680 Academic Way, Port Saint Lucie, FL 34987 (772) 345-3245

Yon Patenarya Vizyonè ant Florida Atlantic University ak Lekòl Piblik Saint Lucie

## Kontra Paran/Lekòl Palm Pointe 2021-2022 \

### Kòm yon paran/gadyen yon elèv nan Palm Pointe, mwen pwomèt pou mwen:

- Asire pitit mwen ponktyèl epi ale lekòl regilyèman.
- Tcheke kaye planifikatè pitit mwen chak swa pou bagay ki mande atansyon mwen.
- Li imèl/lèt nouvell/mesaj Rapèl chak semèn nan ke nivo klas pitit mwen an ban mwen.
- Fikse yon lè pou pitit mwen fè devwa li epi revize li regilyèman.
- Founi yon espas ki trankil, ak bon ekleraj pou etid.
- Rete konsyan de sa pitit mwen ap aprann epi kontwole pwogrè akademik sou Skyward chak twa semèn.
- Kominike avèk pwofesè pitit mwen regilyèman sou pwogrè akademik ak/oswa enkyetid nan sal klas li.
- Li Manyèl Elèv la pou mwen konsyan de kontni a.
- Sipòte atant konpòtmantal lekòl la ak Kòd Kondwit Elèv distri a.
- Siveye pou mwen wè pitit mwen respekte kòd abiman lekòl la te etabli a.
- Fè Depistaj Lakay Chak Jou pou Elèv yo chak maten pandan Lekòl Piblik St. Lucie egzije sa.

Siyati Paran/Responsab: \_\_\_\_\_

Dat: \_\_\_\_\_

### Kòm yon elèv nan Palm Pointe, mwen pwomèt pou mwen:

- Ale lekòl regilyèman.
- Vini lekòl la chak jou avèk yon mantalite kwasans ak lòt zouti ki nesèsè pou mwen aprann.
- Trete tout pwofesè yo ak kolèg mwen yo avèk respè.
- Fini tout devwa yo, ak tout devwa lakay yo.
- Itilize kaye planifikatè mwen ak platfòm aprantisaj yo (Canvas/Teams) pou m rete òganize.
- Swiv règ ak atant Kòd Kondwit Elèv la, ak kòd abiman an.
- \*Swiv atant lekòl la:
  - Take responsibility* (pran responsabilite)
  - Engage in your learning* (angaje nan aprantisaj ou)
  - Act respectfully* (aji respektab)
  - Make safe choices* (fè chwa ki an sekirite)

Siyati Elèv la: \_\_\_\_\_

Dat: \_\_\_\_\_

### Kòm yon pwofesè nan Palm Pointe, mwen pwomèt pou mwen:

- Kwè tout elèv yo kapab aprann ak grandi.
- Bay eksperyans aprantisaj ki angaje, devwa ki rijid, ak fidbak nan moman apwopriye.
- Bay yon anviwònman ki fezab pou aprantisaj.
- Ankouraje elèv yo ak paran yo pa bay kominikasyon pozitif ak ouvèt.
- Founi rapò sou pwogrè elèv yo selon kalandriye a, epi mete mak yo nan Skyward a lè.
- Trete elèv yo, paran/fanmi yo, ak kolèg mwen yo avèk respè.
- Fè Depistaj Sal Klas Chak Jou pou Elèv yo pou chak klas pandan Lekòl Piblik St. Lucie egzije sa.

Siyati Pwofesè a: \_\_\_\_\_

Dat: \_\_\_\_\_

### Kòm direktè Palm Pointe, mwen pwomèt pou mwen:

- Founi yon anviwònman ki pèmèt kominikasyon pozitif ant lekòl la ak lakay elèv yo.
- Ankouraje pwofesè yo pou yo bay eksperyans aprantisaj pozitif, devwa rijid, ak fidbak nan moman apwopriye.
- Bay paran yo aksè rezonab a lekòl la.
- Bay elèv yo, paran yo, ak pwofesè yo defi pou yo genyen atant pou aprantisaj ki wo.

Siyati Direktè a: \_\_\_\_\_

Dat: \_\_\_\_\_



Fanmi yo, tanpri revize dokiman sa a ansanm ak pitit ou. Apre sa, avan **mèkredi 1e septanm 2021**, tanpri repòn yon fòmilè brèf pou rekonèt ou te resevwa kontra sa a. Ou kapab aksede li sèvi ak kòd QR sa a oubyen depi w ale sou lyen pwofesè pitit ou te ba w. Mèsi!